

# Resous Rekiperasyon pou Sivivan Siklòn Michael yo

---

Release Date: November 26, 2018

Leta Florida: Otorite leta yo bay sivivan yo asistans ak yon gran varyete pwogram. Yo gen ladan yo:

- Enfòmasyon sou rekiperasyon ki ajou: [FloridaDisaster.org](http://FloridaDisaster.org), [Facebook.com/FloridaSERT](https://Facebook.com/FloridaSERT), [Twitter.com/FLSERT](https://Twitter.com/FLSERT) oubyen rele 850-815-4000.
- Pwogram [Prè Relè Annijans pou Ti Biznis \(Small Business Emergency Bridge Loan\)](#). Pwogram sa a ede biznis ki bezwen lajan pou yo kontinye fonksyone.
- Asistans Chomaj pou Katastwòf: [FloridaJobs.org/kreyol](http://FloridaJobs.org/kreyol)

FEMA: Pou enfòmasyon ak mizajou ale sou [FEMA.gov/ht/disaster/4399](http://FEMA.gov/ht/disaster/4399), [DisasterAssistance.gov](http://DisasterAssistance.gov) oubyen rele

Liy Asistans Telefonik pou Katastwòf la, 800-621-3362 (800-462-7585 TTY). Pou FEMA sou medya sosyal, ale nan [Facebook.com/FEMA](https://Facebook.com/FEMA) ak [Twitter.com/FEMAreion4](https://Twitter.com/FEMAreion4).

Administrasyon Ti Biznis Etazini (U.S. Small Business Administration): Pou prè ak enterè ki ba pou reparasyon ak domaj asirans pa kouvri oubyen pou ranplase atik menaje, ale sou [Disasterloan.sba.gov/ela](http://Disasterloan.sba.gov/ela) or call 800-659-2955, (800-877-8339 TTY). Pou jwenn lòt enfòmasyon ale sou sitwèb [DisasterAssistance.gov](http://DisasterAssistance.gov) oubyen rele 800-621-3362 (800-462-7585 TTY). W ap jwenn plis opsyon sou rekiperasyon nan [Rezo Devlopman Ti Biznis nan Florida \(Florida's Small Business Development Network\)](#)



FEMA

Page 1 of 3

Sante: Pou pwogram Asistans federal pou Preskripsyon Annijans la (Emergency Prescription Assistance Program, EPAP), ale sou sitwèb [Phe.gov/EPAP](https://www.phe.gov/EPAP).

Sante Mantal: Opsyon yo gen ladan yo:

- Liy Asistans Telefonik federal pou Difilite nan Katastwòf, 800-985-5990 (voye yon mesaj tèks ki di TalkWithUs nan 66746; pou panyòl voye yon mesaj tèks ki di Hablanos nan 66746).
- Liy Aksè pou Sante Mantal nan Florida, 800-945-1355, orè li se 4 p.m. to 7 p.m. daily.

Aksè ak Bezwen Fonksyonèl: Pou yon entèprèt lang siy, yon tradiktè lang etranje oubyen lòt resous, ale sou sitwèb [Resources-people-disabilities-access-functional-needs](https://www.resources-people-disabilities-access-functional-needs) oubyen rele 800-621-3362 (800-462-7585 TTY) oubyen 470-364-7252. Lòt resous yo gen ladan yo:

- [Disability Rights Florida](https://www.disabilityrightsflorida.org), 800-342-0823 (800-346-4127 TTY).
- Asosyasyon Florida pou Sant pou Lavi Otonòm (Florida Association of Centers for Independent Living) nan [FloridaCILS.org](https://www.floridacils.org) oubyen rele 850-575-6004.
- Sant Resous pou Andikape (Disability Resource Center) nan [www.DRCPC.org](https://www.drcpc.org) oubyen rele 850-769-6890; (866-954-5898 TTY).

Resous Rekiperasyon pou Sivivan Siklòn Michael yo – paj 2

Anviwònman ak Asenisman: Sitwèb Depatman Ekoloji pou [Siklòn Michael](https://www.epa.gov/hurricane-michael) genyen konsiy pou sivivan ak mizajou sou anviwònman an.

Sèvis Legal: A liy asistans telefonik legal-aid la disponib kounyea pou sivivan Siklòn Michael ki pa ka peye pou yon avoka nan Florida : 866-550-2929. Liy asistans telefonik la fonksyone gras ak yon patenarya avèk Divizyon Jèn Avoka



FEMA

Page 2 of 3

Bawo Florida (Florida Bar Young Lawyers Division), Divizyon Jèn Avoka Asosyasyon Bawo Ameriken (American Bar Association Young Lawyers Division), ak FEMA.

Manje: Leta a ak Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture) dirije pwogram federal Siplemanè D-SNAP pou Katastwòf la (Disaster Supplemental D-SNAP) pou asiste sivivan ki pa resewa kupon manje (food stamps) yo pou yo jwenn repa. Ale sou sitwèb [dcf.state.fl.us/programs/access/dsnap](https://dcf.state.fl.us/programs/access/dsnap) oubyen rele 866-762-2237. Pou yon anyè pou adrès gad manje nan Florida, ale sou sitwèb [Feedingflorida.org](https://Feedingflorida.org) oubyen rele 855-352-3663.

Asistans pou Enpo: Ale sou sitwèb: [irs.gov/newsroom/tax-relief](https://irs.gov/newsroom/tax-relief).

Pwoteksyon kont Fwòd: Pwopriyetè kay ki ka sispèk yon moun ap eksplwate yo fèt pou yo kontakte Liy Asistans Telefonik pou Fwòd nan Katastwòf, 866-720-5721 (TTY 844-889-4357) oubyen biwo lapolis yo.

###



**FEMA**

Page 3 of 3